



Entwodiksyon

## Envitasyon Bondye pou chak moun

Plan Delivrans lan



**Byenvini.** Youn nan pi gwo verité ki egiste se “**Bondye se lanmou**”. Labib di nou “**Bondye se lanmou**” (*I Jan 4:16*). Se vre, ou pa ka wè Bondye, men li sousye de ou. “*Letènél byen wo, men, li wè moun ki bay o, menm byen lwen, li rekònèt awogan yo*” (*Sòm 138:6*).

Li istwa sa ki pale de Jezi ak yon dam nan Lik 7:36-50.

*Youn nan Farizyen yo mande Jezi manje avèk li. Jezi antre kay Farizyen an, l al sou tab. Epi, twouwe yon fi nan vil la, ki t ap viv nan peche, aprann Jezi te sou tab lakay Farizyen an. Li pote yon krich ann albat plen ak pafen. Epi, li kanpe pa dèyè, bò pye Jezi, l ap kriye. Li pran mouye pye Jezi ak dlo nan je l, epi li siye yo ak cheve nan tèt li. Li t ap bo pye Jezi, epi li t ap vide pafen an sou yo.*

*Lè Farizyen ki te envite Jezi a wè sa, li di nan kè li: Si se pwofèt misye te ye, li ta konnen kilès k ap manyen l lan epi ki kalite fi li ye. Li ta konnen fi a se yon moun ki nan peche.*

*Jezi reponn, li di li: Simon, mwen gen yon bagay pou m di w. Simon di: Pale non, Mèt!*

*Li di: Te genyen de moun ki te due yon nonm ki konn prete moun kòb. Youn te dwe senk san denye, lòt la te dwe senkant. Men, yo pa t genyen dekwa pou yo remèt dèt yo. Alò, nonm nan anile dèt la pou yo tou de. Donk, di m kilès nan yo k ap renmen l plis.*

*Simon reponn, li di: Mwen ta sipoze se sa li anile plis dèt pou li a. Jezi di li: Rezònman w lan kòrèk!*

*Epi, li vire kote fi a, li di Simon: Ou wè fi sa a? Mwen rantre lakay ou, ou pa ban mwen dlo pou m lave pye m, alòske, li menm, se ak dlo nan je l li mouye yo, epi se ak cheve nan tèt li, li siye yo. Pa menm yon bo ou pa ban mwen, alòske, li menm, depi mwen antre a, li pa janm sispann bo pye m. Ou pa vide luil sou tèt mwen, alòske, li menm, se pafen li vide sou pye m. M ap di ou sa: Se poutèt sa, anpil peche l yo padone, paske li renmen anpil. Men, yon moun yo padone yon ti kras, li renmen yon ti kras tou.*

*Epi, Jezi di fi a: Peche w yo padone!*

*Moun ki te sou tab avèk li yo kòmanse di nan kè yo: Kilès misye ye, pou menm peche, l ap padone a!*

*Men, Jezi di fi a: Lafwa w sove w. Ale nan lapè!*

**Poukisa ou panse fi an te fè aksyon sa a pou Jezi ?**

**Kòman ou ta kapab esplike ki jan de moun Jezi ye apre ou fin li istwa sa a?**

**Kijan ou panse fi an te santi / apre li te tandé pawòl Jezi te di yo?**



## I. YON ENVITASYON POU OUMENM MENM



**Bondye, ki se kreyatè ak gouvènè linivè, konnen w epi renmen w.** Li menm ki te fè solèy la ak syèl la, mòn yo ak lanmè a, epi chak moun, e ou menm tou, li konnen w e li renmen w. Li vle pou ou ta vin pwòch li. Li tris paske ou pa pwòch li. Wi, Bondye genyen yon kè ki genyen lanmou ak konpasyon pou ou, e li vle ou konnen epi fè eksperyans lanmou ekstrawòdinè li a.

Bondye ap envite w vin jwenn Li lakay, kote ki lakay ou a, kote ou te fèt pou w viv lan. De bra Bondye louvri pou Li resevwa w e anbrase w.

Eske sa parèt yon ti jan dwòl: Bondye renmenw epi Li vle genyen bon rapò avè w? Annou li sa pawòl Li di:

*Lè m gade syèl ou yo,  
travay ou fè ak men w yo,  
Lalin ak zetwal out e table yo,  
Kisa lòm ye konsa pou w ta sonje li?  
Kisa pitit lèzòm ye pou w ta pran ka li? (Sòm 8:4-5).*

*Letènèl, bonte ou rive jis nan syèl.  
Fidelite w rive jis nan nyaj yo.  
Jistis ou tankou montay Bondye yo.  
Jijman w tankou yon gwo abim.  
Letènèl, ou delivre ni moun ni bêt.  
O Bondye, ala gran valè bonte ou genyen!*

*Pitit lèzòm yo chèche refij anba lonbraj zèl ou (Sòm 36:6-8).  
Yo manje vant plen ak manje yo jwenn an kantite lakay ou.  
Bon bagay ou yo tankou yon rivyè dlo k'ap koule kote yo bwè kont kò yo.  
Paske, se ou menm ki sous lavi a. Se limyè ou ki fè nou wè klè!  
Toujou renmen moun ki konnen ou!  
Toujou fè byen pou moun ki san repwòch devan ou! (Sòm 36:9-11, HCV).*


***Kisa pawòl sa yo rakonte nou sou Bondye?***

***Kisa pawòl sa yo rakonte nou sou relasyon Bondye ak lèzòm ?***

***Poukisa ou panse ou pa konnen, epi ou pa viv eksperyans lanmou Bondye? Kisa ki anpeche nou jwenn lavi Bondye te planifye pou nou an?***



## 2. MEN SA KI SE PWOBLÈM NAN: NOU SEPARE AK BONDYE



Bondye te kreye w nan lide pou w genyen yon relasyon pèsonèl avèk li, men Li bay nou libète tou pou nou chwazi lanmou l epi viv lavi nou nan fason nou deside. Men tèt fè mal la, se lè nou chwazi pou nou viv nan pwòp fason pa nou epi nou dezobeyi Bondye. Sa rele “**peche**” e li **separe nou ak Bondye**. Men kijan Labib esplike peche:

*Men se mechanste nou yo ki mete yon bayè ant nou ak Bondye nou an. Se peche nou yo ki fè l' vire figi l' pou l' pa tande nou (Ezayi 59:2, HCV).*

*Vrèmanvre, tout moun peche, epi yo manke glwa Bondye (Women 3:23).*

*Yon chemen ka parèt dwat pou yon nonm, Men, alafen, se chemen lanmò (Pwovèb 14:12).*

*Paske, salè peche peye se lanmò (Women 6:23)*

*Dapre Ezayi 59:2, ki problèm peche te bay nan relasyon nou ak Bondye ?*

*Dapre Women 3:23, Kiyès ki peche?*

*Lè pawòl la di “tout”, eske gen yon moun ki pa ladann ? Eske ou menm tou, ou ladann ?*

*Ki dènye pi gwo konsekans peche trennen dèyèl ?*



Separasyon an vle di yo mete w akote, osnon, yo detache w ak yon moun oswa yon bagay. Se kapab tou yon baryè ki anpeche w ale kote ou vle ale a, osnon yon espas ki twò laj pou travèse. Mo "manke" a se yon fason pou esplike koman nou separare ak Bondye, paske peche w yo te koupe relasyon w ak Bondye. Peche a kapab yon zak rebel ou fè ak tout libète w, oswa yon neglijans ki pa fè ka de Bondye. Yon lòt fason pou w ta gade separasyon an, se lè ou pèdi yon moun ou te renmen. Si yon moun ki te pwòch ou anpil te mouri oswa te pati kite w, ou konnen sa sa vle di doulè separasyon. Lè ou separare ak Bondye sa lakoz ou soufri.

**Nan sans sa a, kòman ou ta kapab mete yon bout nan separasyon sa a ak Bondye epi pwoche pi pre lanmou Bondye? Anpil moun eseye plizyè bagay.**

*Eske ou ka bay kèk fason ou konnen moun konn eseye fè sa? Eske ou konnen kèk fason moun annayiti konn fè pou mete bout nan separasyon sa?*

*Bay kèk fason ou konnen eseye pwoche Bondye epi kanpe separasyon ki sot nan peche a.*



Moun eseye anpil mwayen pou yo jwenn Bondye – bon zèv, tout sa ki gen rapò ak reliyon, jefò lòm, epi annayiti, grasa sakrifis pou lwa. Men pawòl Bondye anseye nou tout jefò sa yo san espwa epi yo enposib. Okenn kantite bon bagay lòm ka fè, travay lòm, moralite lòm, oswa aksyon moun fè nan kesyon reliyon, pa kapab achte favè Bondye paske Bondye bon nèt, li jis e li pa kapab genyen rapò zanmitay avèk okenn moun ki pa fin jis nèt,


*Se sa k fè Bondye p ap jistifye pèsonn moun poutèt yo fè zèv lalwa mande (Wosten 3:20).*

*Nou tout nou te tankou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Tou sa nou t'ap fè ki byen te tankou rad sou moun ki pa nan kondisyon pou sèvi ou. Akòz peche nou yo, nou te tankou fèy chèchè van ap bwote. Pesonn pa lapriyè ou ankò! Pesonn pa chonje reve vin mande ou sekou. Ou vire do ban nou. Ou lage nou, ou kite peche nou yo fini ak nou (Ezayi 64:6-7, HCV).*

*Ou twò bon pou ou kite moun ap fè mechanste devan je ou konsa! Ou pa ka rete ap gade moun ap fè lenjistik devan ou konsa! (Abakik 1:13, HCV)*

Okenn kantite bon gagay lèzòm kapab fè pap rive kadre mezi jan Bondye bon. Nou separare, nou rete detache, nou rete san sekou devan Bondye, toutouni, e san espwa. **En ben, ki solisyon?**

### 3. SOLISYON BONDYE A: LAKWA



Sa ki **enposib** pou ou menm ak mwen, li **posib** ak Bondye. Sa ou pa kapab fè pou tèt ou, Bondye fèl pou ou. Bondye desann vin rankontre w ak lanmou l epi li pote solisyon pou problèm peche ou a – **lakwa**. Jezikris te mouri sou lakwa pou l te kapab peye chatiman pou peche w. Sakrifis li an se pou ou menm e li kole separasyon ou menm ak Bondye a.

Li pasaj Labib sa yo pou ou ka konprann solisyon Bondye a.

*Paske, pandan menm nou te fèb, Kris mouri pou moun mechan nan tan ki te fikse a. Vrèmanvre, se apèn si yon moun ta asepte mouri pouyon moun ki jus. Petèt ankò, yon moun ta oze mouri pou yon moun ki bon. Okontré, men kijan Bondye pwouve lamou pa li pou nou: se pandan menm nou pechè a, Kris mouri pou nou (Women 5:6-8).*

*Paske, Bondye te tèlman renmen lemonn, li bay sèl Ptit gason l lan, dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou yo genyen lavi etènèl. Vrèmanvre, se pa t pou jije lemonn, Bondye te voye Ptit li a nan lemonn, men, se pou li teka sove lemonn grasa Ptit la (Jan 3:16-17).*


**Kisa ki te pouse Bondye pou l voye Ptit gason li a, Jezikris, vin mouri pou ou?**

**Kisa Kris fè pou peche nou?**

**Kisa pwomès nou genyen lè Bondye te voye Ptit li Jezikris?**

*Paske, menm Kris te soufri pou peche nou yo yon fwa pou tout. Sa vle di, yon moun jis soufri nan plas moun ki pa jis, dekwa pou li te ka mennen nou bay Bondye. Li te mouri nan kò... (1 Pyè 3:18).*


*Sa vle di, Bondye te nan Kris: Li t ap rekonsilye lemonn avèk li menm, san li pa konsidere fot lèzòm yo. Epi, li mete pawòl rekonsilyasyon an nan nou... Paske, sila ki pa t konnen peche a, li fè l tounen peche akòz nou menm. Konsa, nan li, nou vin jistis Bondye (2 Korentyen 5:19, 21).*



### **Kisa lanmò Jezi te rive reyalize?**

Bondye montre w lanmou L, se pa sèlman ak pawòl nan bouch, men ak aksyon. Li te bay mwayen pou ou te kapab vini epi viv nan lanmou L ak lavi lavi Li te prepare pou ou a, lè Li te bay lavi L nan plas lavi pa w. Jezi te tounen sakrifis pou peche w lè Li te mouri nan plas ou.

Men lè Jezi te mouri sou lakwa a, tout bagay pat fini la. Li te resiste ankò e li toujou vivan. “*Kris mouri pou peche nou yo, jan Lekriti te di l la. Yo antere li, epi li resiste sou twazyèm jou, jan Lekriti te di l la.*” (1 Korentyen 15:3-4).



### **Jezi se sèl chemen pou al jwenn Bondye.**

*Jezi di li: “Mwen se chemen an, mwen se verite a, mwen se lavi a. Pèsonn pa ka ale kote Papa a, si li pa pase pa mwen menm.” (Jan 14:6).*

*Vrèmanvre, se yon sèl Bondye ki genyen, e se yon sèl medyatè ki genyen ant Bondye ak lèzòm, se yon nonm: Jezi Kris. (1 Timote 2:5).*

Bondye te bay sèl mwayen pou moun tounen jwenn Li, men konnen laverite a sèlman, sa pa sifi.

### **Ou dwe aji; ou dwe fè yon chwa.**

## 4. REPOS OU A: RESEVWA KRIS



Ou dwe kwè pou tèt ou epi resvwa Jezikris kòm Sovè w ak Mèt ou, lè sa a, w ap konnen Bondye oumenm menm, epi w ap kòmanse viv nan lanmou L.

*Men, tout sa ki te resevwa li yo epi ki te kwè nan non li yo, li ba yo pouvwa pou yo vin pitit Bondye. (Jan 1:12).*

*Paske, Bondye te tèlman renmen lemonn, li bay sèl Pitit gason l lan, dekwa pou tout moun ki kwè nan li pa peri, men pou yo genyen lavi etènèl. (Jan 3:16).*

*Vrèmanvre, se akòz gras li, ki fè nou sove, grasa lafwa. E, sa pa soti nan nou menm, se kado Bondye. Sa pa soti nan zèv, dekwa pou pèsonn pa vante tèt yo. (Efezyen 2:8-9).*

*Vrèmanvre, si ak bouch ou, ou deklare Jezi se Senyè, epitou, si nan kè ou, ou kwè Bondye te resisite l pami mò yo, ebyen, w ap sove. (Women 10:9).*

**Dapre Pawòl Bondye a, kisa ou dwe fè pou w viv eksperyans lanmou Bondye?**

Resevwa Kris se yon desizyon pa w ou bezwen pran. Sa mande pou ou aksepte sitiyasyon peche w epi pran konsyans ou pa ka fè anyen pou w achte lanmou Bondye; ou dwe lage kò w nèt sou Jezikris sèlman epi resevwa L ak lafwa. Si ou resevwa Kris, Bondye pwomèt Lap vini nan lavi w.

## Eske ou ta renmen resevwa Kris nan lavi w?

Bondye konnen kòman kèw ye, si onèt ak si ou pa onèt. Ou kapab resevwa Kris kounya lè ou resite yon priyè senp. Men yon priyè senp ou kapab resite pou w resevwa Jezi nan lavi w:



**Senyè Jezi, mwen vle konnen w e konnen lanmou w. Mwen bezwen w, e mwen regrèt akoz peche m yo. Mèsi paske ou te mouri pou peche m sou lakwa. Mwen kwè nan ou kòm Sovè mwen e mwen vle swiv ou kòm Mèt mwen, depi kounye a. Mwen louvri lavi m ba ou e mwen resevwa w kòm Sovè ak Mèt mwen. Tanpri antre nan lavi m. Fè m tounen kalte moun ou vle m ye a. Dirije lavi m epi ede m fè volonte w. Mwen priye konsa nan non Jezi. Amèn.**

### Ou te fè priyè sa?

Si se **WI**, ki kote Bondye ye kounye a nan lavi w?

Nou vrèman kontan paske ou sot pran angajman pou resevwa Jezikris kòm Sovè w epi pou ou sèvi L kòm Mèt ou. Sa se jou ki pi enpòtan nan lavi w! Nou espere wè pi devan sa Bondye pral fè nan lavi w.

Si se **NON**, eske ou genyen yon kesyon? Eske nou ka priye pou ou?

Pandan w ap kòmanse lavi tou nèf sa nan Bondye, nou vle ede w. Lavi ki fenk komanse sa a, se yon bagay ou pral viv chak jou, e Bondye ap bò kote w. Nou ekri etid sa yo pou pèmèt ou konnen Jezi pi byen epi grandi nan lanmou L. Se pou Bondye beni w!

Tradui pa Jean-Mario Michel  
© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo vize fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.  
Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt.

